

Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun

Pangeran Ti Walungan



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
M. Maillot, Lazarus
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: M. Maillot, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org


©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Perdana menteri Yusup tos pupus! Sakabeh Mesir silih mikasedih kulawargana. Gusti tos ngajadikeun Yusup urang Ibrani

pikeun nyalametkeun nagara tina kalaparan. Anjeunna pamingpin wijaksana tur dipikanyaah. Ayeuna anjeunna tos mangkat.



Tilu ratus taun leuwih tos kalangkung. Umat Yusup,
urang Ibrani, geus jadi bangsa anu kuat di Mesir.
Firaun nu anyar hariwang yen urang Ibrani bakal balik
ngalawan anjeunna, ku kituna anjeunna ngajadikeun
sadayana budak.



Firaun ngarawat urang Ibrani kalayan kejam.
Anjeunna maksa urang Ibrani ngawangun
kota-kota ageung. Tapi teu paduli sakumaha
susah maranéhna digawé, budak Ibrani
terus tumuwuh dina jumlahna.




Dina hiji poe, aya parentah ti Firaun nu matak pikasieuneun. "Sakabeh budak Ibrani anu kakara lahir kudu dialungkeun ka walungan Nil." Firaun anu jahat boga tekad pikeun ngurangan jumlah urang Ibrani. Malah anjeunna oge bakal maehan orok!



"Naon nu bisa urang pigawé?" Dina hiji kulawarga pastina hariwang. Aranjeunna mutuskeun pikeun nempatkeun anak maranéhanana dina walungan Nil. Tapi anjeunna bakal di jero karanjang anu nyaman jeung henteu rembes cai.



Bari mawa barang anu aya hargaan, parahu karanjang leutik eta ngambang di antara alang-alang. Naon anu bakal kajadian ka orok leutik eta?



Ti kajauhan, lanceukna merhatikeun eta karanjang
berharga nu ngalanglayung di ngalliwatan alang-alang.



Ujug-ujug putri Firaun jeung gandekna datang ka walungan rék marandi. Teu aya deui cara pikeun nyumputkeun eta karanjang. Sugaan we maranéhna bakal ngaliwat wungkul teu ningali.



"Oh! Aya karanjang. Eta di
ditu dina alang-alang. Atuh
naon nya eusina." Putri Firaun
nitah palayanna nyandak eta
karanjang. Nalika anjeunna
muka karanjang - orok teh
ceurik. "Ieu budak Ibrani,"
putri bari ngagorowok.



"Duh, karunya pisan ieu orok. Anjeun geulis pisan."
Panginten putri Firaun nyarios kitu ka orok sakumaha
biasana jalma dewasa. Anjeunna malah tiasa
nyarios "Ootchie-kootchie Koo-
ums" - nganggo basa Mesir,
tangtuna.



Gusti tangtu nyurahan hikmah husus ka lanceukna orok. Anjeunna lumpat ka putri Firaun. "Naha abdi kedah milarian awéwé Ibrani pikeun ngurus orok anjeun?" "Mangga," jawabna. Saha anjeun pikir gadis éta bakal nyokot?




"Ema! Gancang kadiieu! Ih, buru!" Sugan éta mojang teu boga waktu pikeun ngajelaskeun. Babarengan, duaan lumpat deui muru jalan satapak.



Pas balik deui ka walungan, putri Firaun mawa orok.
"Urus eta orok keur kuring. Kuring keun mayar
anjeun. Ngaran eta orok teh, Musa." Musa bisa
jadi ngaran urang Mesir
pikeun anak cai.



Ku kituna Musa dipulangkeun ka kolotna jeung ka imahna. Kolotna ngajarkeun Musa nyaah ka Gusti sareng ka urang Ibrani. Moal lami deui anjeunna bakal nyicingan istana sareng putri Firaun. Gusti, anu nyalametkeun hirupna, bakal nyadiakeun anu endah pikeun orok Musa kahareupna.



Pangeran Ti Walungan


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kaluaran 2

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130






Rengse



9



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

